САГЫНБАЙ ИБРАГИМОВ

# БЕСИНШИ МӘЎСИМ

*Қосықлар*

НӨКИС
„ҚАРАҚАЛПАҚСТАН"
1986

www.ziyouz.com kutubxonasi

Карак 2
И 20

**Ибрагимов С.**

И 20 Бесинши мәўсим: Қосықлар.—Нөкис: „Қарақалпақстан", 1986.—60 б.

Рецензентлер:
И. Юсупов, | Т. Мәтмуратов |, Т. Сәрсенбаев

И $\frac{4803010000-123}{М-357\ (04)-86}$ 50—86

© „Қарақалпақстан" баспасы, 1986

www.ziyouz.com kutubxonasi

## ЎАҚЫТ ҲӘМ КЕҢИСЛИК

*Қосықлар дүркини*

* * *

Барлық есиклерди саған
ашаман, бәҳәр.
Ләмгершилик.
Жийде ағашының қабығы
исинеди буннан зыят
ызғарды сиңдире алмай.

Ким биледи—
бәлким, бизиң көкирегимиздеги
ҳәр бир өкиниш
тәбияттың жүрегин
тилип өтетуғын шығар.
Бәлким, бизиң көкирегимиздеги
ҳәрбир қуўаныш
тәбияттың жүрегиндеги
дағларға ем шығар.

Сени карсы аламан,
бәҳәр.

Сени карсы аламан
әлемниң тәшўишлери менен,



www.ziyouz.com kutubxonasi

сени қарсы аламан
шешилп үлгермеген
мәселелеримниң ишинде...

Сени қарсы аламан —
Сен келдиң.
Сени қарсы аламан—
Мен барман.

* * *

Сел ағар таслардан-тасларға шапшып —
бәҳәрден-бәҳәрге бәрҳа усылай...
Қуяш тас төбеңде турар шаншылып—
әсирден-әсирге бәрҳа усылай...

Бәрҳа болып келген усы пасыллар
ҳәм усы бояўлар жасаған бәрҳа.
Бәрҳа болып келген қупыя-сырлар
усы тәбияттың сандықларында.

Ҳәм бул топырақта бул адамлар бар—
Дүньяны кең я тар түсинетуғын,
қуўанатуғын ҳәм де гүрсинетуғын—
келиў бар, кетпек бар... Бул адамлар бар.

Усы топырақта усы адамлар бар—
сезимлери менен, ойлары менен,
исенимлери, қыйлы-қаллары менен—
бар олар ихтира еткен қураллар...

Пикирлердиң сәйкес келиўлери бар
ҳәм де—пикирлердиң қайшыласыўы...
бул ҳесап-саны жоқ (мың-мың!) шырақлар
күтеди Дүньянын ашылысыўын—



www.ziyouz.com kutubxonasi

Аспан төриндеги жулдызлар янлы
Жерде исенимлер шок болып жанар—
мына кеңисликке бәри сыяды,—
не сөнди, не калды—
тек Ўақыт 1 үўа...

* * *

Барлығы адамның жүрегинен өтеди—
метеоритлер жерге қулаған,
қуўанышлар бизлер қуўанған,
мүсийбетлер бизлер қыйналған—
барлығы адамның жүрегинен өтеди,
қан тамырларымызға иренин синдирип өтеди.

* * *

Сулыў сөзлерди мен дым көп еситтим—
енди мен оларға алданалмайман.
Қуры сөзлерди мен дым көп еситтим—
енди мен оларға шыдай алмайман.

Шылады көзлерим, кулағым төзди—
пәрўа кылмаўға да үйренген едим,
бирак бул мазмунсыз көтере сөзлердиң
қәўпиниң нелигин сонынан билдим.

Бул наймыт сөзлердиң зилдей таслары
жер қылады екен көкирегинди—
күсемеўи ушын руўхың аспанды,
тек жүриўиң ушын көрип күнинди.

Адам—ол адам тек ойлары менен,
ойларың пәс болса—дүнья тарылар.
адам ба ол Айға умтылып көрмеген?—
Жер басып журген бир жарым-жартылар...



www.ziyouz.com kutubxonasi

Жасай бериў мүмкин. Күнлерде не бар?—
Түн өтсе келеди, өте береди.
Дүньяны руўхына алған адамлар
Ҳаят мәнисине түсиник береди.

Олар қулы емес тар исенимниң,
олардың исеними—бул жақты Дүнья!
Олар синоними бәлентлик түсинигиниң,
олар синоними ҳуждан түсинигиниң!

Демек—адамлардың адамлары бар,
демек—жасаўдың да жасаўы бардур.
Не пәсте, не бәлентте—аңлағанлар бар,
ҳәм жол бар жерлерде тосқаўыл бардур...

* * *

Буўдақ-буўдақ шаң қалады
арба жолда...
Көптен бери арбаның дөңгелеги
тиймеген даңғыл жолда...
Аттың туяғы некен-саяқ
тийетуғын гүзар жолда...
Буўдақ-буўдақ шаң қалады
арба жолда...

Шаңға көмилип иреңкин
жойтады жолдың бойындағы
боянлар,
шаң жуғып ағады жол жийегинен
түскен жаптағы суўлар...
Арқан бойы көтерилип
сейиледи шаңғыт,
және тыныш қалады
даңғыл жол,
және Қуяштың нурына



www.ziyouz.com kutubxonasi

ашылады даңғыл жол,
ендиги дөңгелеклерге шекем,
ендиги туяқларға шекем,
мениң аяқларым шаңын
көтере алмайтуғын даңғыл жол.

Жаз бойы жаўын болмайды,
тырс еткен тамшыға
зар болады гүзар жол,
ақыры, ол да аяйды
туншығып атырған боянларды,
күндиз көгилжим аспанға қарайды,
түнде жулдызларды санайды

өзиниң шаңын өзи аспанға
көтере алмайтуғын гүзар жол,

дөңгелеклер, туяқлар менен
өмири гузар жол...

Бууўдақ-буўдақ шаң қалады
гүзар жолда...

* * *

Бир ғана өмири бар адамның—
арттыратуғын дәўлети де сол,
айрылатуғын дәўлети де сол.
бир ғана өмири бир адамның

ҳәм мудамы тәрезиде бул нәрсе—
Жақсылық пенен Жаманлықтың
парқына қойған тасы
бир пәлледе—



www.ziyouz.com kutubxonasi

бир ғана өмири бар адамның
мына Қуяш нуры түсип турған
Жердиң үстинде.

## ЖОЛЛАР ТУЎРАЛЫ ГҮРРИҢ

Бизлер биле алмаймыз бу жулдызлардың
жолында қаншама шаң-тозаң барын—
бирақ биз билемиз жолдың азабын,
көликлердиң еле жетпесин ўағын...

Мәйли, узақ болсын бул жоллар. Мәйли.
Нийетимиз дүзиў екени ырас.
Мәнзил артта қалар. Тозаң сейилип,
көремиз жулдызымыз емеслигин пәс.

Бул жоллар саўдалы. Жердиң үстинен
өмирлерди алып өтер бул жоллар.
Бийҳесап соқпақлар менен кесилген
өз жүги өзинде кетеди олар...

Үлкен мақсет пенен жүрген адамды
жоллар қыйнар майда нәрселер менен—
сынайды биздеги не бар шыдамды
я алдап көреди гүрсилер менен...

Бу жоллар хожейин шаңлы көксинен
өзине писентли өте алмағанларға—
бийшаралар емеспиз руўҳы езилген!—
Сыйып, сыя алмай турамыз жаҳанға!—

Бизиң сорарымыз жоқдур тәғдирден
усы машақатлы жоллардан басқа—



www.ziyouz.com kutubxonasi

көремен шаң-тозаң перделери де
жасыралмай көкте жулдызлар жасар!

* * *

Бул көкирек быламыжар болмасын—
сүйсин сүйетуғын затын ашық ол,
күйсин күйетуғын отта ашық ол—
бул көкирек быламыжар болмасын.

Сана—саат емес, барлығы өлшенген,
таў берип түсириўге бир алгоритмге—
адам өткен болса қай көшелерден,
боялып шығады сол ирәңлерге.

Көшелерди таңлаў керек болады,
бул көкирек быламыжар болмасын.

* * *

Өмириңниң не бир даўылларында
сени жылытатуғын қуўанышлар бар—
өмириңниң қатал даўылларында
сени жубататуғын алданышлар бар...

Не болып өтпейди бул өмириңде,
бәлки, өз пейлиңнен, бәлки, базылардың
қайсы бир пәзийлетлерден төменлигинен...
Қулласы, мәўритлер бар ҳазар қылатуғын.

Бирақ сен бәлентсең сәтсизликлерден—
басқа жол жоқ, бәлент болмағың лазым.
Қандай күн болса да жүрегиңди езген—
өзиңниң қуўанышларың өзиңде қалсын:

Ул-қызыңның ғамсыз күлкиси болып!
Жаныңды жасартқан бир сезим болып!



www.ziyouz.com kutubxonasi

Бәлентлиги болып мақсетлериңниң
ҳәм мазмуны болып бул өмириңниң.

Нийетиң ҳақ болса сарсылма ҳаслан —
өткинши нәрселер өтип кетеди.
Кеўлиңде жай болсын қуўанышларға,
Атажақ таң Сени,
Сени күтеди.

* * *

О адамның инабатына
исенимсизликтен туўылған гәплер,
о адамның ақыл-идрегине
исенимсизликтен туўылған гәплер,
о бул дүньяның улығўарлығынан
қорққан адамлардың
санасында кәлиплескен гәплер —
сизлерге исенбеймен!

* * *

**Сизиф,**
сен көрмедиң таўдың шоққысын —
бирақ көресең
соған дейинги азаплы жолды.
Ал таўдың шоққысын
көре алмайсаң,
шықпайды нәлетий тас
нәлетий шоққыға —
Сизиф, сен көрмедиң таўдың шоққысын.

Күнди түн алмастырады —
ақыл-ҳуўшыңның орнына
бас сүйегиңниң ишине



www.ziyouz.com kutubxonasi

жайғасқан гиддиман тасты жоқарыға
жумалатып баратырсаң, Сизиф!

Түнди күн алмастырады—
Сизиф!
Айлар, жыллар, әсирлер!
Сизиф!

Бирақ сенде Ўақыт түсиниги жоқ—
Ўақыт тас болып
бас сүйегиңниң ишине сиңди.
Төменнен жоқарыға дейинги
аралықты сен өлшемейсең—
сенде Кеңислик түсиниги жоқ,
Кеңислик тас болып
бас сүйегиңниң ишине сиңди.
Сизиф!

* *
*

Аппақ хризантемалар,
мине, сизлер де
Қуяштың нурына
ашылдыңызлар,
қарсы алды сизлерди
рәўшан дүнья—
алыс аспаны менен,
ирәңлери менен,
сеслери менен,
Қуяш сизлерди қарсы алды—

оның ҳәўирин қайтарғандай,
оның ҳәўиринен мәлҳам болғандай



www.ziyouz.com kutubxonasi

ақ ирəң керек еди Жердиң бетинде,
аппақ хризантемалар...

* *
*

Өзи жаратқан
қарама-қарсылықты
өзи шешеди тəбият—
ақылсызларды ақыллыларға
жеңдирип шешеди,
Жаманлықты Жақсылыққа
жеңдирип шешеди—
бирден-бир дурыс жол ушын
усылай гүреседи тəбият.

* *
*

Жол,
узыннан-узақ созылған жол,
алдыңдағы белестиң
аржағында не барын
көре алмайсаң,
қай жерде етигиң менен
суў кешериңди биле алмайсаң—

соның ушын да жол узыннан-узақ—

ол даўам етеди
көкирегиңе əрман жайғаспай
қалған күнге дейин.

* *
*

Көрдим
дүньяға жазылмаған
бир бет ақ қағаз болып келип



www.ziyouz.com kutubxonasi

сол ҳалында кететуғынлардың
трагедиясын
(бәлким, олар өзлери сезбейтуғын).

Ақыры, адам көшкен үйдиң орнына
келип-кетпейди,—
адамлардың арасында жасайды ол,
оннан кейин де адамларға
мәкан болып қалады Жер,

бул топырақтың үстинде
адамның инабатына ылайық
нәрселер бар,
наылайық нәрселер бар,

жақсылыққа миясар адамға
жақсылық етиў бар,
жақсылыққа миясар емес адамға
жақсылық етиў бар—

адамның ҳәр бир
ис-ҳәрекетиниң
баҳаланыўы бар.
Жер бетиндеги өмириңниң
инабаты ушын
Дүньяның қурылысының
мағызын шағып көриўге
умтылыў бар...

* * *

Мине, қайтып келдим бул топыраққа.
Қайсы соқпақларда жеңиске
ерискен болсам—өзимдики,
қайсы соқпақларда жеңилиске
ушыраған болсам—өзимдики,



www.ziyouz.com kutubxonasi

мен өзимди жеңежақ едим —
ақлаў ушын Жер бетиндеги тиришилигимди.
Өзиң менен гүрес—
өмириңди зәҳәрлеўи мүмкин болған
икир-шикирлерден
аласлап алыў ушын көкирегиңди,
Қуяштың нурына шомылдырып
алыў ушын көкирегиңди—
бул бир күнлик саўда емес екен,
бул
мәңги екен
Көкке көтерилип баратырған...
Өрмелейсең,
өрмелей бересең,
тоқтай алмайсаң,
егер тоқтасаң—
үзиледи барлық сабақлар
сениң өзиңе ҳүрметиңди сақлап киятырған.

Енди соқпақларым түседи усы әтирaптан.

Мен қағазға көшириўге асыққан
пикирлеримниң,
сезимлеримниң
Дүньяның рәўишине
анықлық ендиретуғынлығына
кепиллик бере алмасам керек
ҳәм бул мениң бәлентпәрўазлыққа
түсип кетиўден
қорқып айтқан гәпим емес...

Енди меннен
сораса керек
бул топырақта—
не болады мәниси
бул соқпақ-жоллардың?
не ақлайды олардың даўамын?



www.ziyouz.com kutubxonasi

Мен қалай ақлайман
Жерге салмақ түсирип турғанымды?

Адамның тиришилигиниң
мәниси,
баҳасы,
адамның қалай жасаўы кереклиги,
адамның неге умтылып жасаўы кереклиги,
адамның өзин қалай Дүньяға
бағышлаўы,
сайбағыслаўы
кереклиги
әллеқашан
аўызша да,
жазба түринде де
айтылған, жәрияланған, қабылланған,
түсиниклерге,
исенимлерге
айналған...
Сонда мениң ендиги ҳәлекшилигимниң
себеби не?
мәниси не?
мақсети не?
ҳәжети қанша?

Усылай
өзи қойған саўалларға
жуўап излеў менен ғана
адам шыға алатуғын болса керек
Жер бетиндеги ҳәр бир гияның
тәғдири менен жасайтуғын
Ўақыт ағымына....

* * *

Базда
гәп етиўге арзымайтуғын нәрселерге


www.ziyouz.com kutubxonasi

ўайран болады кеўил,
байланады акыл,
карлығады тамақлар,
зая болады Ўакыт,
Адамның Өмири,
Кудирети...

Усындайда
Мәртлик
Керек
Адам Баласына
Өз Өмирин Ақлайтуғын
Уллы Бир Мақсет
қоя алыўы ушын алдына.



www.ziyouz.com kutubxonasi

# ҲӘР ЖЫЛЛАРҒЫ ҚОСЫҚЛАР

* * *

Шапәәт күтеди алам адамнан,
жақсылық күтеди адам адамнан,—
бәри жөн ғәрезден болалсақ аман—
ғәрез бар жерлерде халыслық болмас.

Тауға шықпасаң да шыққандай көргил,
пәсте бәлентлерден шоқ болып жүргил,
таска емес топыраққа көгереди гүл!
Асықпас жерлерге асығыс болмас.

Ким бар паянына жеткен дүньяның?
Дүньяға қалады жыйнаған малың,
өзине қалады өзиңниң итибарың—
жақсылардың жолын жасырып болмас.

Қуяшдур адамның адамға меҳри,
ҳаслы зерден болса муриубет көпири—
қолыңда бар мүлкиң бүгинги күниң—
бүгинги жойтқаның ертең таптырмас.

* * *

Мәртлик ҳаққында болады
мениң ендиги қосықларым.



www.ziyouz.com kutubxonasi

Өзимнен үстем келиўге
маған жетпей турған мәртлик
ҳаққында.

Мени оттан тайсалдырмайтуғын
исенимлер қалсын көкирегимде—
ертеңги күнге созылған қолларымның
төмен сырғанамаўы ушын.
Мәртлик ҳаққында болады
мениң қосықларым,
мәртлик себепли
мийрим-шапәәт бар,
муҳаббет бар,
исеним бар.

* * *

Мен нықаплардан қорқаман
бир кийилсе қайтып жүзимнен алынбай
қаларын билип.
Бир кийилген нықаптың өмиримди буннан былайғы
жағында баспүкил қулына айналдырарын билип.

* * *

Дүньяны түсингенлерди көрди
бул топырақ,
дүньяны түс тәқлетте сүргенлерди көрди
бул топырақ...

Бир күни шағалмәсликке
жетиў ушын емес
түсиниги жоқары адамлардың
атының азып жүргени,
ертең өзиниң аяғының асты
айнадай тегис



www.ziyouz.com kutubxonasi

болыўы ушын емес олардың
өзлерине өзлери
сүргин қылып жүргени—

бағышласа керек олар
кеўил мүлкини
усы топырақта ертең де
гия көгериўи ушын,
төккен уўынды мөҳминлик
пенен жутатуғын
топыраққа буншелли
уў төгиле бермеўи ушын...

Топыраққа уў төгетуғын нәкәслердиң
өмир сүриўи аңсат болмаўы ушын
машақатта өтер өмири кимлердиң...

* * *

Қәлесең параз ет
мени жасайды деп адам
баласының изи түспеген атаўда—
бирақ мен ол жерде де
адамның адамға мүнәсибетиниң
неше пунктке қурылатуғынлығын
түсиндирип беремен,
адамлардың дүньяға көз-қарасының
неше пунктке
қурылатуғынлығын
түсиндирип беремен
жулдызларға...
Ақыры, өшик саңа менен
жерди басып тура алмайман.

Қуяшқа түсиндирип беремен
төбемди күйдирген,



www.ziyouz.com kutubxonasi

адамның төбесиниң
қәйтип күйетуғынын...

* * *

Жасыра алмайман гүманларымды,
исенимлеримди жасыра алмайман.

Қайсы көшелердиң шаңын жуттым,
қайсы көшелерде өзимди мәрдана туттым,
жасыра алмайман.

Қайсы тас мүсинлерден түңилгенимди
жасыра алмайман.
Неге қуўанып,
неге қапаланғанымды жасыра алмайман.

Төбемдеги Қуяштан тиришилигимди
жасыра алмайман.

* * *

Көп нәрселер ғәрезли пикир әлеминде
денеңе жақынлығынан өз көйлегиңниң—
ақ талдың бәҳәрги бир сүртигинде
пүткил ҳаяты бар соған дейинги.

Лийкиниң мың муҳам бир аўыз гәптиң
әўел өз кеўлиңе шырағданлығы—
бул төрт туяқтағы пышақтың зарбы,
қайқып батып кеткен мәри Шубарлы.

Бир тил бар қарақалпақ тили аталған,
рәўшан қылынған түсиниклер бар—
усы сүйектендур тамырымдағы қан,—
усы тилдиң руўҳы хат-қәлем маған—



www.ziyouz.com kutubxonasi

еле-ҳәм ирән дәркар туйғылар бардур,
еле-ҳәм саррасланбағы керек нағышлар—
Куяштың мудамы қайнамағы бул,
өзин түсиндиргиси келген ҳуўшым бар...

Нур ирәңлес гүли айғабағардың—
Күнниң рәўишиниң уллылығы бул.
Мен жарты жолымның парқына бардым—
Дүньяның салмағы көкирегимде тур.

* * *

Сөз қәдири, демек, гәўҳар қәдири.
Исенгиси келер исенбегенлер.
Солдур ким-кимге де сапар сегбири—
биреўге күн тиймес, биреў күнсимер.

Бақсаң дөгерекке—
бизден-ҳәм жақты
талай ғардашларды көрген адамлар.
Сеннен де аямас май шапалақты.
Серсизлик—сүргиниң,
алдар сағымлар.

Жол деген қыдықшыл, жол деген жуўҳа,—
саўмалар арқанды—
ийниң қозғалмас.
...Қаласаң бир өзиң. Мына қуў дала
қанша кең болса да сени сыйдырмас.

* * *

Және әйнегимди қағажақ па гүз?—
Пасыллар алжаспас, бузбас тәртибин.
Ҳайранлар қаласаң—өз өмиримиз
бизлерге жантаспай жыйнар келебин.



www.ziyouz.com kutubxonasi

Және бир мәртебе жапырақ төгилип,
және бир мәртебе хошласады гүз.
Гәҳи түнди, гәҳи күнди келтертип
пасылдан-пасылға қол жеткеремиз.

* * *

Таңларда бағымда сайрайды бир қус—
өзин ҳеш дарақтан таба алмайман—
я өзин көриўге умтылалмайман—
таңларда бағымда сайрайды бир қус.

Боз думан қозғалып агырған бир пайт—
таң жаңа саз берип атырған бир пайт—
түсимде мужиза ҳал болған бир пайт—
бир өзи бағымды жайлайды бир қус.

Көўлимди кәтерге толтырған сеслер—
гәҳи ҳәўиж алып, гә тынған сеслер—
гия ийпсинде аңқыған сеслер—
таңларда бағымда сайрайды бир қус.

Ғайбанам, сезетуғын болсаң итимал—
сени тыңлайтуғын уйқысызлар бар—
сениң қупыяңа қарыйдарлар бар—
мени жумбағына айналдырған қус.

* * *

Мәнзиллер түйини соқпақ ашыўдур.
Зер-зебилим шығып шаршадым. Жаныңшығып кетейин деп қушақласыў бул!—
Излерим қум басып қалган жоллардың

көзиме тирелип турып жанғанын
көлеймен. Қып-қызыл өртти көлеймен!



www.ziyouz.com kutubxonasi

Сүл-сатым тийелген тозық арбаның
алтақтасы жаңа.
Өртти қәлеймен—

өртенип қайталдан туўылыў ушын,—
қайтып түңилмейин тәбиятымнан.
Өзиме ҳәўестен буўлығыў ушын!
Бар ма ол? Бар ма ол?
Мен уятыман

Күлден бас көтерип ашылар Дүньяның.
Әлиппени жаўып басланды соқпақ—
сүрдеу Әлиппеге қайтарар. Соқпақ
ойлы-бәлентлидур. Сүрдеў
айнаның

жүзиндей.
Отлы шар баратыр қулап—
турман ортасында қос рельстиң.
Бийтаныс жер. Акшам. Қызарар шырақ.
Бир атлам арасы қос рельстиң...

* * *

Бир жағым тарийхтың тасыр-тусыры,
бир жағым—өзимниң қулыншақлығым...
Тып-тынық айнада жумбақ усынды
бир тутам күнлердиң шарлаўықлары.

Адамның дүньяға келгени бахыт,
бәзим болмаса да ҳәр қәдеминде.
Бендешилик, базда налыш қыламыз,
салғың келип турар өзинди кенге.

Айнала сүтинлердиң бәри тас емес,
тирепберди керек жерлер барлығық—



www.ziyouz.com kutubxonasi

демек, қуяшқа-ақ қанып жүрсең бәс!—
Басқа гәплериңниң бәри шуғыллық.

Адамларды көрип жүргениң ығбал,
өзиңниң қуўанышың өзиңе дарып.

Мениң әлемимде Зебинисо бар,
келер пәренжесин қолына алып...

* * *

Боз думан тарқалар...
Ирәңдар сүўрет
нәзеримнен ушып баратырғандай.
Дал бедеў ойнақшып кетти селеўлеп.
Мен қалдым. Қос өкпем тарс жарылардай.

Тым-тырыс. Жазылып жуўсайды дала,
тымса сезим бойын қақсатқан қыздай
шапшып түргелердей... нәпес аларда
жүзине жуўырған толқынды бузбай.

Өмиримше кегер усы пәрьядым:
дүнья бир ярымдур, мен бир ярымман,—
дүнья көзлериме мениң сыймады—
көкирегим-ҳәм тарлық етери аян...

* * *

Алтын қойыў мүмкин мыстың үстине,
алтынның үстине мыс қойылмайды,—

азғантай елпилди болса көксинде
ҳәр алған нәпесиң өзиңе хожайын—



www.ziyouz.com kutubxonasi

ҳәм пәслик ҳәр қашан пәслик болады,
ҳасыллық ҳәр қашан ҳасыллық болар—

„Ҳүжданды“ сөзликтен өширип болады,
бирақ саў қалады нерв тамырлары...

Инабатың менен кет өз жолыңнан
гидәр-будырлығын сүрнигип дүзеп—

базда бир аўыз сөз қазаға себеп,
базда бир аўыз сөз бағышлайды жан—

базда елбегиңниң заяа кеткени
соңғы ислеринде болмасын көзгир—

ҳәмийше өзиңе яр болсын еркиң,—
өзиңниң қәдириң ҳәмийше өзиң.

* *

Билгениң ишиңде болған ўақытларың,
шөптиң сынғанына дыққатың алаң:
руўҳың дәсмаясы—буўық алқымың,
бармағың, тислериң шайнай алмаған...

Қаяққа қоясаң көўлиңниң мүлкин?
Қулп болсаң бу халықта гилт қашшаннан саз,
егер ашылмасаң—демек, тәғдириң.
Санасып турыўға жұрттың ўақты аз.

Адамлар менен бар бул патшалығың—
өзлери өзлеринде бир шегаралар:
белгили жолының неше шақырымлығы,
қайсы тәрепиңнен болары шамал...



www.ziyouz.com kutubxonasi

Халықтың қолына бер патшалығыңды!—
Өзлери қағады артық жериңди—
биледи қай жерден саға аштырарын,
сен тек арқалайсаң „маркер“ кетпенди...

* * *

Өмир бойы қутылмадың тәшўишинен дүньяның.
Көшке ерип келдиң... келдиң қам гербиштей
былқылдап.
Сен өзиңе бир күниңди, бир күниңди қыймадың!
Сен өзиңди сатып келдиң ҳәр бурылысқа қылпылдап.

Қорқып келдиң сен өзиңнен. Қорқынныштың шеги бар.
Сен өзиңди көрмеў ушын қармаландың. Көзлерин
қарańғыдур. Кеўлиңниң бир жыйрығында кек қалар
кең дүньяға, сениң барлы-жоқлығыңды сезбеген...

* * *

Жайғаса алмадым төрт пасылға мен,
пасылдан-пасылға
еңсем шыдамас—
қутылмақ мойынға түскен жүклерден
жоқ маған. Бесинши мәўсимиңди аш,

жилўалы тәбият, кербаз тәбият,
саўдалы тәбият, араз тәбият!—
Оймақ сеннен гөре кеңлеў көринди—
бул не пейли тарлық, сам-саз тәбият?

Билдим—
сам-сазлығың жуўабың маған.
Айыўдың пәнжесп жараспас тарға,
журт ийне көтерип бармайды жаўға,—
бар бир нызамлылық биз аңламаған—



www.ziyouz.com kutubxonasi

жайғаскан жеримде қаламан мен де.
Қудиретим келмес өз даўысымнан
шығып қыйғырыўға. Ҳәм мына Жерде
төрт ғана пасыл бар. Жер мәкан саған.

* * *

Түн қойнына сыймайды куслар,
шақалардан бәдар ушады.
Сарқырама қулаған таслар
қус тилинде сөйлеген шағы,—

жалықтырса мәзи күн-көрис—
ғәрез бенен жасаў шертилип—
бул аспанды бояйман тегис,
буннан гөре ақшыллаў етип—

болсын түнниң баўыры пүтин.
Ҳәм көзлерим кеңирек ашылсын
дағын жуўып бул гүңгиртликтиң.
Қас көтермес көздиң гүнасын

қараңғыда көзлер жаңылса.
Ертеңги күн—алынар қастың,
бир қолына береди ҳаса
ҳәм өзиңе айтқызар ўаспын.

* * *

Билмеймен сезимниң ояныўларын -
бәҳәрин, жақтысын қуяш нурының
көзимизди ашқан сол күнги...
Ярым
саңа менен ярымын дүньяның



www.ziyouz.com kutubxonasi

таныған саатым...
„Мың кәтле шүкир
шамшырағым түўел барлығы ушын—
мың кәтле, мың кәтле,
мың кәтле шүкир,
шексизликтиң маған тарлығы ушын..."

Алмалар шақаның уша басында—
қол созсам жетпейди.
Путақ сындырып
өз шыбығын урдым алма ағашына—
жапырақлар ўас-ўайран.
Сынбады шыбық.

Ҳәрекет алмасып жайпарахатлыққа,
ҳәрекет жуўмақлар жайпарахатлықты.
„... Сәдде ҳәриплерди оқып жүрип-ақ
көз илиўден қалды майда шрифтти."

* *
*

Сетемшил киййиклер кетти ылағып...
Қалды Ай қулаған дала шайпалып.

Өмирим бир өмир қәўипсиз-қәтерсиз,
қай күним қараңғы, қай күним жарық—

билмеймен. Дүбирлер шаңның астында
тағы түспейтуғын гүмис туяқлар—

мен бул уллы жолды дастық қыламан,
саў қабырға қоймай қабырғаларымнан—

ендиги дүркини өтсе үстимнен—
бәлким, мен азғантай есиме келермен...



www.ziyouz.com kutubxonasi

„Куним өгсе—есап“ болғанда еди—
шанға жатпас едим дус төменимнен.

* * *

„Мууса, сен яры“ны шерткен сениң саусақларың
умыттырады семсерлердиң суўықлығын,
соңғы ирет қысымыңа плинетуғын жалын
тулпардың,
яр қушағының көз жастан ыссылығын...
Ҳәм тағы да баска ялғаншының алағадаларын.

Дәртинен бегерирек дәртке тан болған
жаным жай таппас—
бир бийтаныс дүньяның карсысындаман,
ҳуўшымды жойтаман,
ҳуўшымды жойтаман...

* * *

Шайқалады Шахаманда жәнеуит таллар...
Мен аспанды пәршелеймен сай жағасында.
Дара жулдыз жайғаспады ҳеш қайда. Жоллар
қакшып алды. Ғайып болды шуғла ушқынған.

Журттан ерек емес едиң, көптиң бири едиң
сағыйраның кеўли менен жер басып келген.
Тәғдириң бе? Тәғдириңе еркелемедиң.
Ағыстасаң. Бой бермейди тереңлер бүгин.

* * *

Жер тилге киреди деп ойлайман мен—
қанша аяқ басты, айтса итимал.



www.ziyouz.com kutubxonasi

Аспан бир сөйлейди деп ойлайман мен—
қанша тутин жутты, айтса итимал.

Алашанғыт қылып өтип кетемиз,
билмеймиз изнинң не болажағын.
Гә утылып, гәде утып кетемиз,
дүнья утылмаўы менен қалады.

Қалады бул аспан. Тыныш океан
Тыныш океан болып қалады.
Дүньяға я пайда, я болып зыян,
һәр басқан изиңнен нышан қалады.

* * *

Һәр күни уллы ислер менен ғана
машғул болыўға
жердиң үстиндеги тиришилигимиз
имканият бере бермейди,
кеширерсиз,
қолымыздан да келинкирей бермейди.
Жердиң үстинде исенимлирек жайғасып
алыўға
кетеди өмиримиздиң бир бөлеги,
өзлеримиз дүзген майда-шүйде мәселелерди
шешиўге кетеди
өмиримиздиң бир бөлеги,
жердиң бетиндеги тиришилигимиздиң
насаз тәреплерин жеңиўге
кетеди өмиримиздиң бир бөлеги...

* * *

Егер бир биньят болған
зат жоғалатуғын болғанда
әлем турмас еди бул турысында—



www.ziyouz.com kutubxonasi

бизлер жоғалмаймыз,
қайтамыз барлыққа
нәресгелердиң түслеринде
олар еле пәмлей алмайтуғын...

* * *

Көгалай теңиз едиң сен бир ўақытлары,
енди, мине, кишигирим көл болдың.
Көлбеп жатар едиң дархан ўақытларын —
енди жүзиңе шықты барлық қоқымың.

* * *

Кисиниң несийбесине қолың созбағыл,
кисиниң несийбесине ғылаплық қылма.
Бул халыс өмириңде бир азғантай күн
алданба ҳәмиянда шыңғырлағанға.

* * *

Уйқылап баратырған күнниң сыяғы.
Тамағымды жыртып шығалмас сөзлер.
Қап-қара бултларды самал айдайды.

Қайтып баратырман,
букке таслаў ушын муздай төсекке
курсаўлар үзлигип қысқанда өмиримди.
Февраль.

Қабыўлы қалған есик күтеди мени.
Поезд асықпайды.
Поезд асықпайды.



www.ziyouz.com kutubxonasi

* * *

„О күним!..“
Аминат, бу бәҳәр бәҳәр емесдур —
марттың аяғында қар, қара суўық.
Қуяшты, куяшты көргим келип тур —
көзлерим камасып,
өкпем суўырылып.

Орта Азияда бир аўыл калды,
ылай суў жайылып
кара тал өскен.
Таўларсыз.
Аминат, сениң ығбалың
Минги таўда[1]
көкке тирескен.

„О күним...“
Тәғдир табыстырған үлкен шәҳәрде
жыл айналды, жаным. Бир-биримизди
сораў салып излеп кең көшелерде
тастан табалмаймыз излеримизди...

* * *

Сәҳәр сыбырлылар семди сызылып...

Бир уяң шуғлалар көзинде ойнап —
қаткан үйлесимди ҳәрекет бузып! —
колларын кағазды кыйнар сыялап.

Күнделик жазасаң
сакқа жүгинип

---

[1] Минги таў — Эльбрус таўының балқар тилиндеги атамасы.



www.ziyouz.com kutubxonasi

темир кәтте
дизең қозғалтпағанша.

Сағымларда бәлент таўларды көрип
кеўлиме ғулғула түскени қашшан.

* * *

Қайсы кинотеатр еди—умыттым,
жаўынға тап болдық кинодан шығып.
Шаптық қол усласып.
Түн жым-жыртлығын
өкшелердиң сести бузды тыншығып.

Шаптық. Риганың тас көшелери.
Жайылған шашларың суў тамшылаған.
Аспаннан қашамыз ог шашыраған—
аспан шахмақлардан көшеленеди.

Жаўрадық қайрылмай трамвайларға.
„Айтшы, аңсайсаң ба жыллы төсекти?“—
дедиң еркеленип.
Түнек айқырған
жылўалы күлкиңди жанып еситти.

* * *

Дурыслап бир жулдызларға
бақпағалы ай өгипти,
Усы бир ай кеўилимди
нешше сапар майып етти.

Ойын қылып алқымыма
тақап турған тыйығым-ҳәм
нешше сапар оң жағымнан
сол жағыма тайып кетти.



www.ziyouz.com kutubxonasi

Темир емес ҳаслы оның.
Ҳаслы оның руўҳымдур.
Өз жаныма қысымымдур.
Бәдениме жайып өтти

зәҳәрин-ҳәм, басқасын-ҳәм.
Ҳәм ол енди инабаттың
қәдиринин не боларын
қайта-қайта айтып өтти.

Ал, ендигим көзим қорқып
қалғанлықтан емес, инан.
Бир тисленген бармақ қайта
тисленбейди. Ай өтипти,

жыл-ҳәм өтер. Енди қайта
бой тиклеўге қол ушын бер.
Жойтар болсам сениң жәннет
көзлериңди жайым түпкир

күнниң жүзин көрмейтуғын.
Рәҳим ет, Сағынбайға!
Бир ай гирбиң-ғубарымды
ағын суўдай шайып өтти.

* * *

Сен ғой мени төсегинде
жатыр деп сең тынышына—
бир ай бойы тым-тырыссаң.
Қойдын, әне, тынышыма!

Сөтип көкирек аўызымнан
ар жағында не болғанын
көре ғой сен. Қайылман-ә
бузылмаған шырышыма!



www.ziyouz.com kutubxonasi

Мен билмеймен неғын журсең,
қаяқтасан, қай ойдасаң—
бул күнлери дурыслыгым
бир майданнан бурыс маған!

Гуман емес кыйнап турған.
Қыйнайтуғын мына дүнья
көрмегенше қарары жоқ
сени мениң қол ушымда.

Жетпегенше мурадыма
қыймылым-ҳәм, пикирим-ҳәм
теңиз кылар шалшыкларды
келмейтуғын қоныцымнан.

Мәйли бир күн, келип-келип,
ай далада қалайын мен —
зәрре кәдик келтиргеннен
көкирегиңе. Тынышына

қоймайтуғын Сағынбайды
мына ғана нәйлаж дүнья
алысына арамыздың.
Сол дүньяның налышыман.

* * *

Сенсиз көрген қызығымның
сокыр тыйын баҳасы жоқ.
Түсимде бир жүзик көрдим —
я мөри жоқ, я қасы жоқ.

Касларыңның қағылыўын
көкирегимде оятаман,
қәйттим ғамлы кеўилимди,
муддәҳәси кып-қызыл шоқ.



www.ziyouz.com kutubxonasi

Үзилежақ сыбырлыңнан
өртенеди мениң ишки
сарайым-ҳәм, ҳаятым-ҳәм
қамаўдағы. Пайдасы жоқ

дәрилердиң, тағы басқа
дәрманлардың. Оқ бийғәлет
болғаннан соң оның енди
ириси жоқ, майдасы жоқ.

Бир нашарды еркелете
алмағаным қалай енди!
Қайтпайтуғын болсаң маған—
Көкте Айға ықласым жоқ.

Мен өзиме исениўге
көрдим сеннен алыс кетип—
исен маған, усы мениң
ықтықатым. Намасы жоқ

бул өмирдиң, ләбизиме
гүман қылсаң. Сағынбайдың
бир басынан басқа бахыт
қусы қонар басы да жоқ.

* * *

Бир кәтте шәҳәрде қалдың бир өзиң.
Дийўалға қол питпес—жүрегиң қысса.
Маған-ҳәм уйқы жоқ. Жаўдыр көзлериң
түн қойнынан маған телмирер—жас бар...

Казань вокзалында күтесең келип.
Сағынышыңнан қайта туўылсаң.... бахтым.
Шашларыңды самал биримлеп терип
журтты қақ айырып жуўырсаң ... бахтым.



www.ziyouz.com kutubxonasi

* * *

Гүлди көре алмайсаң тикени менен.
(Нәпеси қысылғаннан иреңки ашылатуғын
ҳөнер жок, айтайын, жердиң бетинде.)

Айтажағым, бирақ, бул емес еди.
(Өз баҳасын ҳәр ким биледи өзи).
Ким болсаң да саған исенип келдим.
Ҳайям айткан толы мәй гүзелердиң

топырағымыздан биньят болажақлығын
кашшаннан билемен. Ал, бүгин, енди—
өмириңниң маған қараңғы жағы
бурынғыдай мени қыйнамас. Көнер

басым бул ислерге.
„Қудайым-аў, ҳәзир-әм
усындай ышқы-муҳаббет
бар екен-аў!“ —деп таңланыпты
бир ҳаял бизлерди
сыртымыздан көрип.

Тән алдым бүгин
жигирма төрт жасыңның ҳукуўқын. Тағы—
ҳукуўқын қәлбиңниң ҳәм өмирлигин,
туңғыш муҳаббеттиң сыңғырлаўығы...

* * *

Жоғалар түринде малынған бағдың
бир ғайбана шуғла...
Кеттиң бул ақшам.
Қыймай жасаўраған көзлериң—жактым!—
жолымды,
кеўлимди әйлер рәўшан.



www.ziyouz.com kutubxonasi

Хош, қос рельске тапсырдым сени—
қалдым тыңлап түннен дем алысыңды,
узадың,
поезддың дүрсили семди—
кимге тапсырарман сағынышымды!—

Ўақыт бир мәўритте қалды табжылмай—
сен келгенше күнлер бир дақыйқаға
сыяды—сааттың тили жылжымай
қалады көрсеткен жеринде—маған

Ўақыттан тысқары жасағанлығым
қалады биймәлим. Умыт қаламан.
... Рельслерден озып келесең.
Тағы
Ўақыт ағымына алар қайғалдан

Ҳаятымды—Сени—Исенимимди.
Жоғалған төринде түндеги бағдың
бир ғайбана шуғла—*көңлимниң табы—*
*Дүнья, бир көрсеткен Ләйли жамалын.*

* * *

Бул есикти қайтып қақпағым мүшкил.
Мәртлигим—алдыңда диз шөкпегеним.
Бу тәғдирдиң иси жумылған мушдур,
қайтып жазыў ушын кетер өмириң.

Жоқсаң. Ўаз кешиўге миннетли едим
бир түсиниклигимнен. Бир сениң ушын
жасай алмағаным. Ақыбет—кеттиң
суўық қушағымнан. Жоқсаң мен ушын.

Жатласып үлгердик. Платформада
қайтып көтермеймен чемоданыңды.



www.ziyouz.com kutubxonasi

Курск вокзалынан таўларға таман
поезд қозғалады. Қол былғаўым муң...

Бул есикти қайтып қақпағым мушкил...

* * *

Ертеклерге мүтәжбен
бийхуш қылатуғын
сарғайған жапырақлардың ийисинен.

Ертеклерге мүтәжбен.
Келермисең
қараңғы түнимди урлаған
нәрестем?
Келермисең
он жетидеги қыздың
садалығы,
бийғамлығы менен?

Бийҳаллығы менен.

* * *

Неге есигинди қақтым сәҳәрден?—
Қайталдан өзиме исенбек маған
жазылған болар ма?
Сетемленемен
гилтгиң бийтанысласў таўланғанынан.

Дедим: Сағыйралығың жолыма нур болғай;
тәғдир бир даңғылға шығарды—болар...
Мениң-ҳәм ғумшадан көзлерим тынғай,
маған-ҳәм бесиктен созылсын қоллар.



www.ziyouz.com kutubxonasi

Дурысы: Руўҳым сегбирден шыршаппшалығып келемен.
Ашылыспайман.
Отырып-отырып кетемен. Шыдап жүргениңди сениң!
...Кеширим сорайман.

## ТЕҢИЗ ҲАҚҚЫНДА ГҮРРИҢ

*Н. Язбулитеге*

Мен сениң алдыңда ақлана алмайман—ендиги қалып турған азын-аўлақ ҳуждарым жол коймайды.

Рәҳимсизлик еткен мен. Бир ислеген ойсызлығымның кәўпин ог алыспай турғанда дүзеўим зәрүр еди (усылай мен тағы бир нәмәртликке жол қойыўдан өзимди сақлайжақ едим).

Алдыңда дизе бүгип көзлериңе телмирдим—бүгин сол көз-қарасымды умытыўыңды сорадым.

„Өкинесең..."—дедиң. Сени өкиндирмей өзим өкинсем—мәйли.

Сен маған Паланганы көрсетиўге ықласлы едиң. Дәрьяңызды көрсетежақ един. Бәлким—көрсетерсең.

Кешир мени. Өзиңе исене алмай турып сениң маған исенип қалыўыңнан қорқтым—кешир.

Жағалаўды жуўады теңиз.
Тарсылады кеңлиги. Демин
жасырады ишиңе. Кеңес
толқынларда—нәзерим мениң.

Бир лийкинли рәмәўзимиздеги
батын қылып өзлеримизден,
көп сораўлар жуўапсыз келдиназылық нотасы киби...

Өзи қамалған төрт дийўалдың шегарасын ғана ...ньп үлгерген адам енди басқалардың руўхый мүтәж-



www.ziyouz.com kutubxonasi

ықласын да сол тас қамалдың көлеми менен өлшейди екен.

Кәўетерди ушықландырған
бу ҳаллардың нақолайлығы...
Шаршадым көп жумбақларымнан—
усы жерде қалады қайғым:

„...меники ақмақшылық екен... саған мәлел бериўге ҳақым жоқ еди... сениң өмириңди байрам етиў мениң маңлайыма жазылмаған екен... Умыт..."

Түйин едик—енди шешилемиз.
Ҳәр истиң бир „қол-қайты" барды...
Излеримди жасырған теңиз
бир заманнан қайтады тағы,—

бир адамлар, дуслаcпайтуғын,
дусласыппыз,—тәғдирдиң исин
дүзеў керек болды, қарағым,
көрсин ҳәр ким өз несийбесин...

„Все было прекрасно... Все было прекрасно..."

Исен маған. Өз қулағыңа
исен, жаным: ғумша сийпеңде
оянажақ қуйын-туйғыдан
сақланбасақ—кейини жаман...

Оттан шыққан күймейди отқа—
ысырамаң отты жолыңнан.
Аймалаған алақанымнан
суўысқаның—
жубанышы маған...



www.ziyouz.com kutubxonasi

„... Будет у тебя времени—приходи... слышишь... приходи..."

Жағалаўда жулқынар теңиз...

* * *

Сениң бир пәкизе әндамлылығың...
Мен билмеген кәўпи нашар баланың—
кәўпи жыйналмаған алма бағының—
ҳәр торсылды сайын қалмады жаным.

Көнермен тәғдирдиң бул ойынына,
көнермен жылыма алағадалы—
қайтып асылмаспан (кешир) мойныңа,
мен-ҳәм сыйсам керек қағыйдаларға.

Ақыры, ирәңлерге тазалық керек,
сезимлерден азат болмағың ушын—
сезимлерге тарлық қылғанда көкирек.
Сийнемди сийнеңе қойғаным ушын—

кеширмессең мениң былғасығымды.
Қашшан жол табыўдан гүдер үзгеним—
полат көрген кисиң шийшедей сынды,
енди не пәтиўа қалсын сөзлерде!—

Қалай бул өмиримди сазластырарман
таза ирәңлерде өмиримде жоқ—
не боларын енди билмедим,
маған
сени байрам қылған түнге илажым жоқ.



www.ziyouz.com kutubxonasi

* * *

Өтеди өмирим еле нәмәлим
мәрилин монролардың әтирапында—
өтер өмиримнен таўыққа мерген
еркеклер, өзлерин алдаңқыраған

өзлерине азырақ исенгенинде.
Яқ, яқ—нызамда жоқ ғалаба бу халық
Әплатун болмаса ыбырсық деген,—
ақыры Әплатунға керекдур тамақ,

жайын жылытыў керек Эйнштейнниң,
ақша төлеў керек Модильяниге...

Бирақ урмаў керек ийттиң күшигин,
бирақ—туўры қараў керекдур Күнге.

Басқалардың өмири—бунның барлығы.
Ал мениң өмирим сениң алдыңда--
кип-кирттай қыз мени бағындырып алдың,
көресең журтлардан парқым жоқлығын да...

* * *

Мени жалғыз қойың—үйренискенмен
түнлердиң буншелли узақлығына.
Мен Ғәрип емеспен, жоқ ҳәм Шаҳсәнем.
Жоқ ҳәм қалмақтағы апам,
қудыққа

жийенлерим менен ысыратуғын.
Арзайым жоқ.
Бирақ менде бар шығар
ҳужданнан бир нәрсе—бир қарақалпақтың
әлпешлеп сақлаған қызына шашар



www.ziyouz.com kutubxonasi

зәҳәримди өзим жутарман. Түнлер
бәрин сыйдырады—айлы әлемди
руўҳына алған ақшамлар билер
сақлаўды қарлығып шыққан үнимди...

Мени жалғыз қойың—
қоз болса болды
ошақта
дүмшемди қойып алыўға.
Ашшы көк шай, бәлким, басар солығымды
кешкен мәнзиллерге саяхатымда.

Аяма аламан пүткил өмиримди—
истығбалым мың сан жорымы менен—
сыймайман ҳажмына күн ҳәм күнлердиң—
сыймайман бул ақшам өз өмирime.

Мени жалғыз қойың—
бир өзим күлип,
бир өзим жылайын—
женилсин басым.
Усыншама жүкти көтерген көкирек
бул жеккеликтиң де көтерер тасын.

* * *

Излесем таппайман бағ арасынан—
бүлбилим сенбедиң ҳаўазы сынған?
Билмедим—аспанда Ай ма сарсылған,
я сен бе алыслап қолларын созған?

Созған қолларыңа жетпейди қолым,
жүрген жолларыңнан өтпейди жолым...
Қәйтермен—көзлерим жасларға толы,
қәйтермен өмиримди нағышын бузған?



www.ziyouz.com kutubxonasi

Жулдыз жерге түсер—қасымда жоқсаң!
Самал қайтып есер—қасымда жоқсаң!
Тағы қара нөсер—қасымда жоқсаң!
Мен бурын көп едим, мен бүгин азбан.

Енди дәрегинди қайдан табарман—
енди жүрегимде қалады әрман—
енди мен самалға сыбырланаман—
мен бир алысларда умытылған сазбан.

* * *

Жылар екеўимиздиң садалығымыз
шеңгелликтен терген сүтилмегиңде,
Сен, тилин шығарып былғақлаған қыз!—
Бәҳәрдей дирилдеп турмайсаң түнде—

сүтилмеклер қашшан әшөкөйледи—
көз-қарасың өзге, көйлегиң өзге.
Шийрин үмитиңде түңлер сөйледи—
сулыў соқыр қылған туйғылар өзге.

Собығы бәҳәрги сүтилмегиңниң
таңлайыңда татыр. Курдас қызыңның
қулағын тоздырдың:
ҳәр өткен күнниң—
нәпис ҳәўеслердиң—сабағы узын...

Ертең суўы қашқан собықлар посып
үпелеги қонар орайпеғиңе.
Бул телмирген көзлер. Бул ўақты-хошлық.
Бир пәкизе болып қарайдың күнге...

* * *

Он алтыншы бәҳәри



www.ziyouz.com kutubxonasi

енди гүбелек қуўыўға уялатуғын
қызалақтың—

ярым ақшамда уйқысырағандағы
тамсанған еринлери
қымылмай қалған—

ғулғулалары
көгис жулдызлар шашылып атырған
бир кеңисликлерге сарпараз ететуғын
түслеринде оянған—

он алтыншы бәҳәри...

## ТҮН. ДАЛА. ОТ.

Түн.
Жулдызлар думанлығы—
өзектен—
көтерилди қыз,
майысып ийниндеги
қыл мойын гүзениң
аўырлығынан.

Отқа асығады.
Самал желпилдеткен жақтыда бир
көйлеңке қараўытады.

Көкирегиңе шашыратып
тис қамастырған қара суўды
көтерсең гүзени басыңа...

Жалаң аяқ,
шашлары тозғыған қыз
адымларын санап басып киятыр.
Түн ертенип баратыр—



www.ziyouz.com kutubxonasi

бәдениңдн сезимлерине жайғастырар
салқынлық пенен
қара дәрья ағып баратыр.

Барлығы қайта туўылған—
енди көз жаслардың жосағы бөтен.
Енди қара каслардың
ырғағы бөтен...
Булкилдеген буғағында түйнелген
ессиз еркеликтиң
шағы—бул түн...

* * *

Тәўбе!—Алмас пышақ сыймайды қынға.
Мениң мәртебем—Сен. Барлығым—Саған.
Мииәўўар әрманым!
Бендемен.
Саған.

Мен жолыңа шықтым. Көкирегимди
пүткил жалаңашлап. Жолыңда шайдаң.
Көз илмей күтиппен қәдир түнимди.
Көз илмей—намәлим келериң қайдан.

Жилўа емес еди, наз емес еди,
ақлымнан аздырған, санамда тынған—
маған ҳазар берди
жаныи-өшпеги
шыралардың ақшам. Мениң жулқынған

көк жийегим алыс. Көшелер... Таллар...
Қараңғы түн.
Бәҳәр.
Жарқ етер шуғла!—
Бир жат ағымларда шапшыр туйғылар...



www.ziyouz.com kutubxonasi

Жойтылғым келеди,
қайтып табылыўға...

### АЛАҒАДАЛЫҚ

Енди меннен бийғәрез жаңлар
шоқ сеслериң!—
Тып-тынық сеслер!
Соқпағына бурып қыйқымлар
алағада аралас түслер.

Тәбияттан қәйтип көшипти
бу кекшиллик әрманларына?!

Тәрк етемен шүкиршиликти—
жолы арман аҳлардың жаңа—

Сен-ҳәм, мен-ҳәм жол айрығында
жойтыламыз.
Жатласқаннан соң
өкиниш тек дәрья араға—
бой бермейди—
берман бир қара!—

Сезинемен—
диземде кустай
керилесең! жанып! ҳазарсыз!
Ал, төгилген шашлар,
алмастай,
пәршелер ме жанды аяўсыз?!

Әрман ағын суўдай ықласың,
көзлеримниң сыпырар жасын...
Мен алдыңда әззилик қылдым,
сен әззилик қылсаң—
не қалсын?!



www.ziyouz.com kutubxonasi

* * *

Түсиң бе,
оның ба—
қалдың аңламай,
елес қушағында саз бердиң таңдай...

Тилип кеңисликти сүтке малынған,
қара сызық турды ақлыңды алған—

неге қара сызық? неликтен? неге?
Неге бул кеңислик сүт ирәңинде?

Усы түсиниксизлик қыйнады сени.
Елес ғайып болды. Түсинермедиң

қайталдан сол сүўрет жанланғанында?
Екинши кирмек жоқ өрт майданына.



www.ziyouz.com kutubxonasi

# ЖОЛЛАР АЛТАЙ ТАЎЛАРЫНА АЛЫП БАРАДЫ

*Қосықлар дүркини*

*Н. Селезнёвағa*

* * *

Жоллар
Алтай таўларына
алып барады—
қар жатпайды
бул таўлардың басында,
бул таўлардың
төбесин булт жасырмас,
мине,
дийдар көристик,
Алтай таўлары,
Катунь дәрьясы,
дийдар көристик,
мен еле түсинип
үлгермеген қупыясы бар
жоллардың.
Жоллар маған сырын
ҳәзир ашпаса керек—
бул топырақтың сыры
өзине мәлим,
неге жоллар мени бунда



www.ziyouz.com kutubxonasi

көргиси келгенин
бүгин аңлай алмасам керек,
сыры өзине мәлим жоллардың
үстинде қаламан,
мениң менен
түнги аспанның
жулдызлары қалады,
оқый алыўым керек
бул жулдызларды...
Бул жазыўларды...

* * *

Мен түсинип үлгермеген
не сыры бар екен
бул жулдызлардың...
Олар әсирлер бойы
гүўасы болып келди
жер бетиндеги
қыслар менен жазлардың,
адамлардың көкирегиндеги
үмитлер менен
аҳыў-зарлардың...
Көрди олар—
қалай жасағанын
жақсылардың...
Көрди олар
Орхон менен Енисейде
тас қашаған
усталарды.
Адамның көкиреги менен
байланысы болса керек
бул жулдызлардың.



www.ziyouz.com kutubxonasi

* * *

О улығўар таўлар,
мына әпиўайы тасларда
адамлардың өмири бар—
мен ойлайман,
жулдызлардың сырын аңлаўға
олардың да
ықласы кем болмаған шығар.

* * *

Горно-Алтайскте үлке таныў музейиниң алдындағы ашық майданға қойылған тас мүсинлерди көрип менде бирден: „неге буларды жайдың ишине киргизип қоймайды?“— деген ой пайда болды. Сондағы ойлағаным, булар солай еткенде жақсы сақланар еди деген пикир еди. Соңынан ойладым: Әсирлер бойы қыстың сууығында, жаздың ыссысында ашық ҳаўада турып бүгинги күнге жеткен тас мүсинлерге баспананың кереги жоқ еди. Оларға жулдызлы аспанның өзи баспана.

* * *

Жоллар Алтай таўларына
алып келди мени...
Бунда да жылғалардың
бойларында таллар өседи екен...
Бунда да адамның баласы, бендешилик,
минген төбесиниң
бәлент болғанын күсейди екен...
Ақыры—алыстағыны
бәлентте турып көрип болады,
ақыры—алдыңдағыны
бәлентте турып көрип болады.
Мениң бул таўлардың төбесинде



www.ziyouz.com kutubxonasi

турып көргим келди—
алыстағыны,
алдымдағыны,
бул топыракта
өзиме айтажак
сөзлерим бар еди.

* * *

Өткен күнлердиң есабы өзиңде,
Надежда.
Мен ҳеш қашан
сениң көкирегиңди қайтармадым,
мен ҳеш қашан
саған жәбир қылмадым,
мен саған исене алдым,
мен саған
Исеним
Дүньясының
есигин аша алдым—
сениң адамларға исенип,
сениң әдалатқа исенип
жасай алыўың ушын.

Надежда,
егер бул гәплерде ғәлет болса—
айт маған!—
Надежда,
еле де көкирегиңде дәрт болса—
айт маған...

* * *

Мен саған адамның өмири қандай
қағыйдаларға қурылатуғынлығын
түсиндирип бердим,



www.ziyouz.com kutubxonasi

бул қағыйдалардың адамның кимлигин
баҳалаўдағы орнын түсиндирип бердим—
мен сени мәртликке тәрбияладым,
басқалардың нәмәртлигинен
жоқары болыуың ушын,
мен сенде беккем ираданы
тәрбияладым—
әззилерден жоқары болыўын ушын,
сениң
ҳәр қандай жағдайда да
инабатыңды сақлап жасай алыўыңа
исенип қалыўым ушын...

* * *

Жоллар мени Алтай таўларында
ойларға талдырды...
Дүркин-дүркин қәўимлер
өткен бул жерден—
түрли тиллерде
жулдызлы аспан
менен
адамның көкирегиниң
байланысын
сәўлелендирген,
тәбияттың қубылысларына
түсиник берген,
өзлериниң ис-ҳәрекетлерине
түсиник берген...

Буннан көп әсирлер бурын
мениң дүньяға келиўим
мүмкин еди,
бәлким,
бул топыракта...
Еле атомның қурамы



www.ziyouz.com kutubxonasi

наməлим заманда,
адамлар тəбиятка
сыйынган заманда,
барлық мəселелерди
ат үстинен силтенген
қылыш шешкен заманда...

Бул топыраққа,
мине,
жигирмаланшы əсирде қəдем қойдым.
Жулдызлы аспаннан төгилген
нур ағымына көмилип
дийдарластык,
Алтай таўлары.
Көкирегимде əсирлердиң
батын дəрьясы
оянады.



www.ziyouz.com kutubxonasi

## ДӘПТЕР БЕТЛЕРИ

* *
*

Сағыныш жасағай шубҳасыз-шексиз!
Талай Алпамыслар себил Баршынға.
Илайым, мың еркек қалғай телпексиз
биреўи бир тал ақ қосса шашына—

итибар, итибар, итибар жаным,—
беглик—диянатлур, шуғладур жаңған!
Бийғубар исеним соңғы жарағың.
Бийғубар исеним—
кәз жас ҳәм ҳуждан.

Аққан тулпарлардың туяқ силтеўи
ҳәм
қайыңның ларса қулаўын жәмлеп
шытнай жазлап ғана орныққан кеўлиң
мүбарек, мүбарек және мүбарек!

* *
*

Суў бойында сениң умыт қалдырған күлкиң
ақ шуғлаға малынады сийнесин қымтап—
ада болар емес, жаным, ҳәўири түнниң!
Бир аспанның астындамыз—туйғылар жырақ...



www.ziyouz.com kutubxonasi

Я аржақлы, я бержақлы болар мәҳәлим...
Түн қойнына сыйдырғысы келмес ҳуўшымды—
бәдениңниң ҳәр қашырымы суўларға мәлим. .
Қалай енди айырайын қыялдан шынды?...

* *
*

Көрдим жылдырымның аққанын, еле
қалай түсерлигин көрмедим, бирақ.
Аспан кең. Жер-ҳәм кең.
Бул кеңисликлерге
жылдырымнан кейин сезимлер қонақ.

* *
*

Көп мәрте қул болдым сезимлериме
ҳәм көп нәрселерге көзим үйренди.
Еле де аңлайман көзсизлигимди,
көп нәрселер өгер жети жүйремнен...

* *
*

Жасайман бәнт болып қыялларыма,
өзимниң кемисимди пүтинлеп өзим.
Айтыла бермейди айтар сөзлерим...
Жасайман бәнт болып қыялларыма.

Тәбият сыяқлы төрт мәўсимдеги
көкирегиме пүтин сүўрет киреди...
Негедур түсиме суўсар енеди...
Жасайман бәнт болып қыялларыма.

Түским келетуғын соқпақларым бар,
жылынғым келетуғын мамық уялар...
Журт сезбес нәрселерге берип итибар,
жасайман бәнт болып қыялларыма.



www.ziyouz.com kutubxonasi

О төбеме келген қудиретли Қуяш,
ядыңа ал, мен-ҳәм айнанда барман—
мени ҳалықтырған мына қия-даш
тағы бәнт етеди қыялларымда...

* * *

Мен бул көшелерге қайтып келемен.
Мен бул көшелерсиз өмиримди
тәсаўўыр ете алмайман—
тағы
Арбатты бастан аяғына жүрип өтемен,
тағы
„Кузнецкий мост" та өзимди көремен...

Усы көшелерге табаным тиймегенде
мен қандай руўҳы гәда болар едим.

Жигирма жасымда өмириме кирдиң—
енди пүткил өмирим сениң руўҳыңа толы,
Москва.

* * *

Сениң көзлериң, көзлериң. Қуяшқа ынтық
көзлериң.
Сүўретлерден баққан сениң көзлериң,
жылўалы көзлериң,
бахытлы көзлериң.

Мениң алдыма күлип шығатуғын көзлериң.

* * *

Сызғышқа келмейди ғайры минезлер,
мәңги татыўлық жоқ мүлктей қолдағы—



www.ziyouz.com kutubxonasi

ашшыласып қалсақ көкирегим излер
сени, Юрмаладан қайтқан жолдағы.

Мен сахрадан келдим, сен—Эльбрустан,
бул тик минезлилик—қылыш қындағы.
Бир өмир кеўлимнен жойта алмаспан
сени, Юрмаладан қайтқан жолдағы.

Базда түсиниклер кайшыласады—
бир дастыққа қойған баслар жумбақлы.
Руўхым—шешилип түскен саатың
сениң, Юрмаладан қайтқан жолдағы.

* * *

Түнги тыныншлықта тыныкты булақ.
Бир нашар муңаяр суўдың бойында—
қостары үй жақта шийшеге инак,
соңынан кетеди карта ойынға.

Бул хаял умытты суўға келгенин,
қаныраған кеўли аўлақ қайғыдан—
барлық жубанышлары қалды жөниче.
Бир үзик елеслер болмайды тамам:

...Көкирегин ашты қус кепиренде
түстей бир халатта басы айналып...
Ўақыт токтап қалды талдың түбинде:
„Кимди еркелетти мойнынан алып?!"

Отыр дизелери сезбей шелекти,
денесине тийген темир жылыды.
Ядына алмады үйди, төсекти,
ядына алмады кеўлин бурынғы...



www.ziyouz.com kutubxonasi

На каракалпакском языке

Сагынбай Ибрагимов

ПЯТОЕ ВРЕМЯ ГОДА

*Стихи*

*Издательство „Каракалпакстан"*
*Нукус—1986*

## МАЗМУНЫ

Ўақыт ҳәм Кеңислик . . . . . . . . . . . . . . . . . . . 3
Ҳәр жыллардағы косықлар . . . . . . . . . . . . . . . . . 17
Жоллар Алтай тауларына алып барады . . . . . . . . . . . 50
Дәптер бетлери . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . 56

Редакторы Ш. Аяпов Худ. редакторы И. Қыдыров
Художник М. Бурханов Тех. редакторы А. Әметов
Корректоры Ф. Тилеўмуратова

ИБ № 2816

Териўге берилген ўақты 25.01.85. Басыўға рухсат етилген ўақты 18.11.86. РК 30690 Қағаз форматы 70х108 1/32 № 2.
Көлеми 1,875 баспа табақ. 2,62 шәртли баспа табақ. 2,09 есап баспа габақ. Заказы 189. Тиражы 2500. Баҳасы 25 т.

„Қаракалпакстан" баспасы. 742000, Нөкис қаласы, К. Маркс көшеси, 9

ҚҚАССР Баспа, полиграфия ҳәм китап саўдасы ислери бойынша мәмлекетлик комитетиниң „Правда" ның 50 жыллығы атындағы Нөкис полиграфкомбинаты.
742000, Нөкис қаласы, К. Маркс көшеси, 9



www.ziyouz.com kutubxonasi